Nomer 32 — Salasa 3 Februari 1925 (9 Radjab 1343) — Taoen ka 1

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sabari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Sockapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.

Djawa wetan:
Blaoeran G II No. 28.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Paagmirahna dina 3 asih f 1,50
Satoeur f 5,—
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Heerenstraat 31.
Administratie:
Stationsweg 17 Tasikmalaja.

Redakteur:
SORTISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— / 1/32 „ f 1,25 — Sakali moeat.
Langganan langkoeng mirah.

Kahade lepat!

Administratie. Sip. adres ngintoenkeun postwissel sareng moendoet djadi langanan. Redactie adres karangan.

Pasoendan!

1914 - 1924.

Pasoendan asalna tina pa Soendaan nja-eta tempat atawa wadah Soenda.

Tjing mangga tareangan: „Naon atoeh ari Soenda teh?"

Pagoejoeban Pasoendan geus 10 taoen njoektjroek poehoe, neangan asal doegi ka kiwari tjan kapanggih, tjan laksana noe dimaksad. nja-eta ne angan Soenda, da tjek katjap mah oerang teh ti dinja djolna, tina Soenda.

Boa-boa oerang kaleungitan lari geura engkeh!

Tjeh, geura tandjebkeun Soenda noe tjan kapendak teh di tengah-tengah.

hajoe noe ti kidoel.
geura djol noe ti koelon,
oelah alangké noe ti kaler,
geura daratang noe ti wetan
oerang pada nare angan Soenda. leleutjer pantjer AING, teundeuneun di tengah-tengah!
oekoer ka kidoel,
betot ka koelon.
sered ka kaler,
bawa ka wetan!

Mawa tengah-tengahna?

Amboeing! Geuning palebah AING pisan!

Naha mana kitoe, kawas toekang olo-olo?

Lain olo-olo, da djongok tetela lebah salira.

Soenda bodo!

Lain Soenda anoe bodo, oerang Soenda loba noe bodo, karesep ngan laladjo (nendjo).

Soenda miskin!

Lain Soenda anoe miskin, oerang Soenda loba noe miskin, karesep ngan babari (soengkan wajahna).

Soenda hina!

Lain Soenda anoe hina, oerang Soenda loba noe hina, karesep ngan ngeunah, (emboeng hese tjape.)

Koemaha akalna?

Maksa salira; kabatoer semet ngadjak, nitah, njaram, ngelingan, daekeun hentenna mah koemaha dinja.

* * *

Pasoendan sanes soepa, sapeuting kadoea boeroek. Tjatjak kalana noe oemoerna ngan oekoer poeloehan ta. ... oge, geuning ti tjeb dipelak neka boeahan teh make aja taoenna. omo Pasoendan mah lila djadina, argi pioemoereunana oge doeka saraha windoe.

* * *

Kitoe pamanggih koering, dibedja, ...un keur noe leukeun, keur noe da koerah-koreh, keur noe njaah kangsa katoet lemah tjaina.

M. G. K.

o

Tjiamis postmerk.

Kabar Djidah.

Opat oetoesan digantoeng poeloehan diboei.

Oerang Djidah baradami, ngoetoes tan ka Amir Ali bin Hoessein, noehoen sangkan andjennna katoet ad-balad kaloear ti Djidah, lanta salempang moen Ibn. Saoed datang ngaroeroeg, pinasti nagara roeksak. Oepama Amir Ali teu kersa kaloear katoet baladna, atoeh njoehoenkeun soepaja eta Radja oendoer ti Djedah, tjara ramana bareto.

Oetoesan noe opatan teh: Sajid Saleh Sjata, Sjech Soeleiman Azaja, Sjech Abdoerahman Bodjened djeung Sjech Ali Salamah sadatangna ka Radja Ali, teroes oendjoek-oendjoek njaritakeun maksoedna.

Barang kadangoe koe Radja kitoe maksoedna oetoesan, gantjang miwarang nangkep sarta teroes digantoeng Lian ti eta poeloehan oerang Djidah noe diboei. Ieu bedja datangna ka salasaoerang familina oetoesan tea, ngaliwat Singapoer.

Kadaharan-kadaharan ti Borsoedan djeung Sawahan, kajaning: Gandoem katjang tanah, widjen, embe djeung korma teu meunang ngaliwat deui ka Djidah at. ka Mekah.

Laoetan antara Borsoedan, Sawahan djeung Djidah didjaga koe Inggris. Lamoen Amir Ali rek ngere Djidah, gampang katjida nahan eta kadaharan teh.

* * *

Perang Djidah.

Djidah 5 Januari (Reuter).

Sanggeusna ditolak sakabeh pamen ... badami, Ibn Sa'oed ... ngirimkeun baladna ka Djidah. Barisan noe pangheulana kamari geus datang ka Djidah, ngan kapaksa moendoer deui, lantaran diangseg koe baladna Amir Ali.

Noeroetkeun tjaritana Dailij Chronicle di Djidah sakabeh oesaha Amir Ali baris ngadjabel deui Mekah koe kapal oedara djeung koe tank taja noe hasil.

Doea saeboe hiber ti Inggris noe ngapalaan nempoeh Mekah geus moelang ka Inggris ti Mesir.

Amir Ali kagoengan 3 toekang hiber djeung 6 ahli mesin ti Roesland kaoem Tsar, oerang Inggrisna ngan saoerang. Pagaweanana ngadjaga mesin djeung djalanna 3 kapal oedara noe kakara datang. Noe hidji geus roeksak. Ngan aja 3 ti antara noe 6 kapal oedara Radja Ali noe beunang dipake. Parabot teu aja nadjan geus ichtiar meuli bom kapal oedara ti Berlijn nepi ka f 72000.—

Auto wadja ge soesah deui, teu meunang. Koe sabab eta Thseem Pasha kapala panglima balad Hedjadj miwarang masang kaleng minjak tanah disakoeriling auto noe geus kahot, diliangan pikeun mariem mesin. Ngan . . . . . mariemna teu aja.

Eta mobil teroes sina moeter kota Djidah. Tapi soepirna teu sanggoepeun noempakan, sabab haseupna moelek ka tempat soepir.

Mr. St. John Philby rek moelang deui ka Inggris. Tarekahna hajang netepkeun badami tea teu hasil.

Ibn Sa'oed malesan koe soerat, soepaja John Philby montong pipiloeeun tjampoer kana perkara batoer.

* * *

Mekah dikepoeng!

Islam djeung Kominisme.

Inggris mantoean Ali?

Tjeuk koresponden The Daily Chronicle:

Koe sabab oesahana Amir Ali nempoeh Mekah ti darat djeung ti awang awang teu laksana ajeuna ditjoba Mekah rek dikepoeng sangkan kalaparan 3 djalan geus dihalangan (ditoetoep)

—o—

Khakimaff Gongsol Bolsjevik di Djidah sjeuna keur pakepoek digawe sabab geus katoong koe manehna jen Djidah teh hidji tempat noe aloes ka bina-bina pikeun nerkabkeun elmoe Kominis, sabab pangaroehna lain deui pikeun Kaoem Moeslimin di sadjagat, nepi ka Mesir ka Soedan. Teroes ajenna diajaan pasoeratan saboelan sakali antara Djidah Moskow.

—o—

Gongsol Inggris di Djidah menta ka Soeltan Nedj soepaja oerang Asing didjaga djeung di tangtajoengan Pamarentah Inggris teu mere paidin ka toekang hiber Inggris pikeun digawe di Amir Ali. Kitoe deui Inggris teu njieun perdjandjian ka Ali atawa djeung Ibn Sa'oed tina hal ngadjoeal parabot djeung obat bedil.

—o—

Gongsol di Djidah ichtiar enja-enja nantajoengan Hadji-hadji ti Indonesia tjek H. B.

Noe keemaha noe diseboet bangsa madjoe?

Saoer djrg, D. K. Ardiwinata dina „Mim Pipitoe".

Hidji bangsa diseboetkeun madjoe njaeta.

1. Lamoen eta bangsa geus loehoer pikiranana, tegesna bisa mikir noe djero-djero, teu babari pertjajaan kana perkara noe teu boekti atawa tabajol. ... saperti njembah ka boelan atawa ka panon poé, ka awang-awang, ka kalangkang djeung salianna, sakoer noe diseboet alam.

2 Geus loba kanjahona loba elmoena

3 Soetji atina tina sagala sipat kagorengan saperti sirik pidik ka batoer noe meunang bagdja, koemaki, lengoes resep dipoedji djeung salianna.

4 Hade atina, saperti karoenjaan ka batoer bisa njoekakeun hatena pada kawoela, toetoeloeng, goejoeb dina ngalakonan kahadean djeung salianna.

5 Basana lemes sarta beunghar loba ketjap-ketjapna.

6 Loba pangabisana, loba karadjinanana.

7 Hade lakoe lampahna, lemes adat na.

8 Getol digawe gede kadaek, loba karesep, sarta tjoetjoed.

9 Tjoekoep saadang panganna djeung roemah tanggana sarta bisa ngampihan doeit. ajaho kana hargana doeit.

10 Bereseka njaho kana roepa bereseih djeung kana roepa aloes, lagoe ngeunah, pendekna moelja pantjadrina.

11 Bisa neangan kaboengahan

12 Loba tarekah pikeun noelak bahai djeung njiar kasalametan.

Oleh-oleh rantja.

Dina danget ajeuna oesoem ngidjih geus tangtoe pisan para mitra pada ngaraos teu betah pisan aja di tempat rantja teh.

Siang ngaraos hareudang bajeungjang teu aja hinggana, margi hawa ngelekeb ti rantja.

Wengina sadjabina ti hareudang bajeungjang sareng marerang koe kesang teh, kawoewoeh koe ditapoek reungit deuih. Tjatjakan oepami teu ngandoeng soekoer, nandang ka sabaran mah, panginten parantoe koemaha.

Ari braj siang, tangtoe pisan para mitra anoe aja di tempat rantja sami ngaraos hoream ngalampahkeun atoeran anoe dipapantjenkeun kana kawa djiban oerang.

Atoeran teh di sakola mah nja-eta rooster pangadjaran. Roester teh di sakola klas 2 mah dialas koenoe ti Pajoen, disamaratakeun pikeun di hawa panas sareng di hawa tiis.

Hoream ngalampahkeun atoeran teh nja eta dina waktoe ngadjarkeun ngetang. Waktoena ngadjarkeun ngetang teh noemoetkeun rooster pangalas ti noe ti Pajoen dina waktoe mentrang-mentring panas dinten, noe djoe moerid-moerid katoet goeroe-goeroena hareudang bajeungjang, lalesoe teu tahan nahan hawa. Atoeh eukeur mah lalesoe, teu tahan nahan hawa, toeroeg-toeroeg dipasihan etangan, atoeh boeahna teh tebih tina sae.

Noe djadi Goeroe ngarasa sedih, prihatin ningal bararoedak kirang tina ngetangna. Malahan sok naros kana awak pribadoe, naha aing anoe bodo teu bisa ngadjalankeun atanapi atoeran anoe kirang beres, sok aja deui emoetan dina hate sok sageuj aing bodo-bodo teuing pikeun ngadjarkeun itoengan di sakola klas II anoe itoenganana babari djeung atoeranana dioelik, ditaloengtik, dibeuweung dioetahkeun". Namoeng eta teh para Djoeragan anoe eulihwan, beeahna teh kirang bae. Ari kahajang mah ngetang teh, da kasebat pangadjaran anoe abot pikeun baroedak mah, diadjarkeunana teh dina djam moenggaran, dina ngawitan lebet sakola, djalaran baroedak masih keneh djaragdjag waringkas, teu atjan kataradjang koe hareudang sareng koe nirisan. Dina waktoe hareudang ... teh diadjarkeun anoe matak mawa goembira ka baroedak, nja eta: matja, ngadongeng a. dj. t.

Koe margi kaajaan tempat tea awon, sok ngabantoen awon kana pangeusina. Pangeusina teh nja eta abdi-abdi, sok kataradjang mejoed, baloetjitreuk beuteungna, baraseuh soekoena, barotjok, baroga kasakit eungap, soemawonten malaria mah parantos bandana meh di oenggal hoeloe.

Tah kaajaan tempat sareng pangeusina anoe awon, oepami ditibaan pangarti, geus tangtos sesah toemerapna djalaran sesah digilingna, oepami di pabrik mah. Oepami noe ti Pajoen henteu landoeng aisan. ageung timbang taradjoe bobot pangajan, geus tangtos djelema anoe aja di hawa rantja hojong madjeung sesah. djalaran manehna diganda sataker tanaga koe kantjana anoe aja di tempat sae. Kekengingan didamel di tempat awon sareng di tempat sae tangtos benten boeahna.

Geura bae mangga oerang ibaratkeun padamelan oerang teh ibaratna potret oerang. Oepami padamelanana sae (potret tea) geus tangtos anoe ka goengan padamelan, nja eta toekang potretna djelema sae.

Potret tea tiasa sae oepami dintenna henteu haleungheum sareng henteu mentrang dintenna. Toekang potret anoe sae oge, oepami dipasihan dinten anoe awon mah, panginten hamo.

Pamoegi anoe sanget diiring koe kahormatan, moegi-moegi anoe ti Pajoen maparin kalongaran ka para Djoeragan Mantri Goeroe, pikeun ngarobah rooster.

Taja sanes anoe diemoet-emoet teh soepados hoerip inspectie waras noe ngawoela.

N. D.

Rasa kabangsaan.

Kantenar sadaja oeninga, jen oepami noeroetkeun tjarios sadjarah doenja, nja kitoe deui sadjarah agama. jen djalma sadoenja teh asal tina hidji, oge tiasa disebat jen djalma sadoenja teh satoeroenan, nja kitoe deui koemargi djaman madjoe tara malik deui katoekang sareng djaman teh robah oenggal waktoe, tangtos saniskanten kaajaanana oge miloe robah kalajan koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin sareng pirang-pirang anoe djadi lantaran, di alam doenja teh djadi pinoeh koe pirang-pirang bangsa sareng roepi-roepi basa, bentenna hawa anoe ngadjadikeun bentenna roman pakoelitan, bentenna kaajaan tempat ngadjadikeun bentenna adat sareng tabeat, koemargi benten adat tabeatna tangtos ngabentenkeun kabinangkitanana.

Dina djaman ajeuna di sakoeliah alam doenja, moal aja hidji djalma anoe henteu ngagadoehan bangsa, kenging disebatkeun aneh pisan oepami aja djalma, anoe henteu kaasoep kana bangsa itoe ieu, oepami oerang ngaleleban perkawis kabatinan, jen roh manoesa teh parantos disajagikeun koe Goesti Robboel Alamin samemeh oerang djadi djalma goemelar di alam doenja, moal aja hidji djalma anoe samemeh goemelar di alam doenja, geus gadoeh maksoed rek djadi bangsa itoe, atanapi bangsa ieu, teu tiasa milih koemaha sakahajangna, moeng Goesti Robboel Alamin anoe baris nangtoskeun, goemelarna ka alam doenja sareng lebetna kana eala sahidji tina roepi roepi bangsa tea. Nja kitoe deui samemeh oerang goemelar ka alam doenja, oerang teu atjan tiasa nangtoskeun tanah mana anoe baris djadi lemah tjai oerang, anoe djadi bali geusan ngadjadi diri oerang; ajeuna parantos tetela pisan jen manoesa goemelar di alam doenja henteu ngagadoehan maksoed sorangan nanging kalajan koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin, nja kitoe deui, oerang djadi hidji bangsa sareng ngagadoehan lemah tjai, bali geusan ngadjadi, taja lian moeng koe koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin bae, djadi perloe pisan oerang toemarima kana pasihanana sareng koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin, nja eta ngoekoehan rasa kabangsaan sareng mikatjinta kana lemah tjai oerang oepami oerang henteu ngoekoehan rasa kabangsaan oerang sareng henteu mikatjinta kana lemah tjai oerang, eta hartosna sami bae sareng henteu toemarima kana pasihan Robboel Alamin, kenging oge di sebatkeun moeng-

(*)

Ti Pipir hawoe.

Riboet keur Chotbah

Di lemboer singkoer, di desa noe anggang rame, djedjel noe keur ngadarengekeun Choetbah, da poé Djoemaah, keur salat djoemaah.

Noe Choetbahna kijai di dinja bae, tapi matjana teh dina Soenda, atoeh kaharti koe noe rea.

Tjek noe Choetbah: „Djeung deui oerang sareea koedoe ngadoeakeun ka noe ngaheujeuk nagara, ka noe djadi radja, Califatoelah, njaeta boektina kapala, moega eta sing salamet sing tambah njalametkeunana.

Tjek kaoem Wahabi noe aja ngadengekeun: Halten lanan, radja teh, radja lain, loehoer koeta gede doenja, koedoe didoakeun deui koe oerang noe masakat, malarat majar padjeg rea?

Eta deui kapala, memang ari noe bageur mah heneuh, koemaha noe sok neunggar - neunggarkeun hoeloe domba didoakeun deuih moega sing meunang?

Tjeuk noe Choetbah:

„Kadoehoeng disoendakeun heng kahartieun, ah ari ridho bae kol! barina oge montong papandjangan."

Gelenjoe ge aja ngan imoet bae Nga...

Gelenjoe.

(*)

boti Alamin sareng pirang-pirang anoe djadi lantaran, di alam doenja teh djadi pinoeh koe pirang-pirang bangsa sareng roepi-roepi basa, bentenna hawa anoe ngadjadikeun bentenna roman pakoelitan, bentenna kaajaan tempat ngadjadikeun bentenna adat sareng tabeat, koemargi benten adat tabeatna tangtos ngabentenkeun kabinangkitanana.

Dina djaman ajeuna di sakoeliah alam doenja, moal aja hidji djalma anoe henteu ngagadoehan bangsa, kenging disebatkeun aneh pisan oepami aja djalma, anoe henteu kaasoep kana bangsa itoe ieu, oepami oerang ngaleleban perkawis kabatinan, jen roh manoesa teh parantos disajagikeun koe Goesti Robboel Alamin samemeh oerang djadi djalma goemelar di alam doenja, moal aja hidji djalma anoe samemeh goemelar di alam doenja, geus gadoeh maksoed rek djadi bangsa itoe, atanapi bangsa ieu, teu tiasa milih koemaha sakahajangna, moeng Goesti Robboel Alamin anoe baris nangtoskeun, goemelarna ka alam doenja sareng lebetna kana eala sahidji tina roepi roepi bangsa tea. Nja kitoe deui samemeh oerang goemelar ka alam doenja, oerang teu atjan tiasa nangtoskeun tanah mana anoe baris djadi lemah tjai oerang, anoe djadi bali geusan ngadjadi diri oerang; ajeuna parantos tetela pisan jen manoesa goemelar di alam doenja henteu ngagadoehan maksoed sorangan nanging kalajan koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin, nja kitoe deui, oerang djadi hidji bangsa sareng ngagadoehan lemah tjai, bali geusan ngadjadi, taja lian moeng koe koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin bae, djadi perloe pisan oerang toemarima kana pasihanana sareng koedrat iradatna Goesti Robboel Alamin, nja eta ngoekoehan rasa kabangsaan sareng mikatjinta kana lemah tjai oerang oepami oerang henteu ngoekoehan rasa kabangsaan oerang sareng henteu mikatjinta kana lemah tjai oerang, eta hartosna sami bae sareng henteu toemarima kana pasihan Robboel Alamin, kenging oge di sebatkeun moeng-

(*)

Loeoehan kempelan Pasoendan Tasik ping 1 Februari

kir kana koedrat iradatna Goesti Allah Naha oerang henteu dosa oepami oerang henteu toemarima kana pasihanana?

Di sekoeliah alam doenja, moal aja hidji bangsa anoe baris mikanjaah kana hidji kabangsaan, oepami sanes anoe ngagadoehan bangsa tea, aja kitoe deui di sakoeliah alam doenja, moal aja hidji djalma anoe baris mikatjinta kana hidji patempatan, kadjabi ti anoe ngagadoehan lemah tjai tea.

Oepami aja hidji djalma ngakoe ngakoe mikanjaah kana hidji kabangsaan nanging henteu kalebet kana bangsa eta, tangtos eta djalma poepoelasan, njiliwoeri gadoeh maksoed sanes, nja kitoe deui, oepami aja djalma anoe mikanjaah kana lemah tjaina anoe sanes, eta teu kenging henteu tangtos aja hidji maksoed anoe dirasiahkeun, pikeun ngarah kaoentoengan, pikeun kaperloean dirina sareng pikeun kaperloean lemah tjaina soepaja di lehma tjaina, oelah aja kakoerangan pikeun kaperloean bangsana.

Djadi kawadjiban hidji bangsa, pikeun nangtajoengan kasalametanana kabangsana sareng nangtajoengan roeksakna lemah tjai anoe mere kahi roepan, geuning ajeuna oge parantos karaos jen kaajaan oerang teh kenging disebatkeun **„Djati kasilih koe djoenti, taman kalimpoet koe sitoe"**

B. S.

Mobok manggih gorowong.

Dina Sp. nomer 29 aja roepi-roepi panarosan djoeragan Soekardi, tina perkawis elmoe anjar, kintoenan ti Roeslan anoe disebat **Communisme**?

Djoeragan Soekardi ngaraos sisip harti, toena pangabisa, tina perkawis **Communisme**. wireh andjeunna aja di pasisian.

Menggah eta sajaktosna, sanaos anoe aja di dajeuh salamina oge manawi rata-rata bae anoe saroepi djisim koering mah henteu tiasa ngartos kana elmoena **Communisme**. Sakitoe ampir saban Verg. ngoepingkeun, ka- [illegible] **Soerapati**, anoe djadi orgaanna **Communist** moeng weleh bae henteu atjan kadjoedi piberesseunana, sapertos **Communist** di oerang nganggo dadasar **Internationalisme** bade nindes **Notionalisme** (rasa kabangsaan). Geura tingali boekti asa sakitoe tebihna kahajang sareng praktijkna, tjontona: P. K. I. atanapi S. R. Mana doeloer Eropa? Mana doeloer Tiong Hwa?? Mana doeloer asing anoe mariloo??? Geuning kakoepingna, katingalna teh ngan sabagian leutik bangsa oerang bae anoe daraek teh, ari doeloer anoe kasebat bieu mah bet kenging di etang teu aja pisan. Soemawonten oepami ningali kaajaan pamogokan P. P. B. sareng V. S. T. P. geuning boeboeroeh Eropa anoe miloe nindes kana pamogokan, toer ieu gerakan ti barang goebrag doegi ka ajeuna parantos nganggo dadasar **Communisme**. Kadjabi ti eta memang **„Tjap Inlander"** dina mata sareng rasa maranehna aja sabandapeunana, tangtos doeloer doeloer Eropa atanapi asing moal daekeun dibawah parentah, sanaos pangkat portier Walanda, kana moal daekeun dibawah parentan hoodfmachinist djawa, padahal noemoetkeun kapangkatanana loehoer hoodfmachinist.

Tingali boekti anoe tebih! **Communist** mikangewa kana **Militairisme**, kana sendjata? Namoeng boektina Sovijet ngeureujeuh ngaja ngajakeun sendjata **Cmomunist** hajang ngoesahakeun kamerdikaan, kaamanan, namoeng boektina di nagara nagara anoe merdika anoe geus ngabogaan Parlement. toer hiroep koemboehna parantos aman (dami), namoeng **Communist** henteu weleh njieun pemberontakan.

Anoe dipikahajang koe P. K. I. hajang saroepa di poeseurna njaeta di Roeslan. Djol deui pertanjaan naha di Roeslan teh oemoemna djelema beuteungna geus henteu „korontjong" geus senang, dina hiroep koemboehna?? Namoeng koekoepingan mah henteu weleh **goedjroed**, malah ngoeping wartos ajeuna geus ger deui bae riboet antawisna partij **Trotzky** sareng **Sovijet**(?) Naha hiroep **goedjroed** teh enja senang???

Beuki poek emoetan ngoeping wartos jen **Communist** baris nindes sagala agama? sabab tjenah djelema njekel agama teh saroea djeung toekang ngamadat, malah **derde Internationale** di Moskou geus ditetepkeun azasna **Communist** baris ngoeboor **Pan Islamisme**, oepami jaktos kitoe azasna naha hiroep djelema teh arek diatoer koemaha??

Djol deui panjamboengna djoeragan Redacteur Sp. ka djoeragan Soekardi jen tangtos baris wareg katerangan paparin **Soerapati**? Tadi di loehoer djisim koering parantos njanggemkeun jen djisim koering djadi sabagian langganan **Soerapati**, atoeh beuki talang-tolog bae emoetan, margi ampir salamina anoe parantos kaloear eusina **Soerapati** kirang langkoeng 75 peresen woengkoel panjarekan Persoonlijk Politieke tegenstanders, siga noe geus beakeun akal pikeun neangan pangaroeh, siga ngaboektikeun karendahan boedi.

Anoe mawi sanaos kokodjo-kokodjona **Communist** atanapi kokodjona **Soerapati** maparin katerangan anoe paos ogedjisim koering atanapi anoe sapoek sareng djisim koering moal woleh bingoeng, oepami boekti boektina henteu atjan beres.

Tanbihoelgopilin.

Cewest Priangan.

Opeenten padjeg pangasilan keur nagara taoen 1925 tetep 30%. Bareto toean Assistent Resident Garoet moerstel dina vergadering Gewestelijke Raad soepaja opeenten padjeg pangasilan taoen 1924 keur Gewest ditoeroenkeun tina 20% kana 10%. Ieu voorstel ditarima koe vergadering tapi koelantaran harita geus meh tengah-tengahna taoen, djadi ieu poetoesan Gew. Raad teu bisa didalankeum. Koe 10% opeenten keur Gewest dibegrooting geus tjoekoep, tapi taoen kamari opeenten angger 20%.

Djadi beubeunanganana doea kalieun koerang saeutik meureun batan kaperloean ngaloearkeun. Tapi heran tempat-tempat djeung kota-kota tjekelan Gewest katjida koerang dioeroesna. Nja boektina Tasikmalaja nepi ka teu dibere lantera noe tjoekoep

Ari lantera teh (straatverlichting) oepama di kota Gemeente nja tanggoengan Gemeente, oepama di kota [illegible] doe ngongkosan sakoemaha tjoekoepna.

Di Tasikmalaja ongkos lantera bedjana beunang ngoempoelkeun ti djelema-djelema noe boga gadjih, karere anana bangsa ambtenaar.

Saoerang dikoedoekeun majar 1% tina gadjihna. Noe ngoeroesna sigana poelisi, da noe sok katendjo nagihan oepas. Eta saperesen tina gadjih oepama diitoeng sataoen gede oge, Padjeg pangasilan geus 2% tina gadjih (oepama gadjihna leuwih tina f 130.— dina sataoen) ajeuna aja padjeg lantera deui 1% (satengahna tina padjeg pangasilan). Lah keur mah koe padjeg pangasilan geus sakieu beuratna rea djelema noe meunang dwangschrift, lantaran teu barisa majar padjeg, mal'oem ajeuna djaman soesah, katoeroeg-toeroeg ajeuna di tambahan padjeg lantera. Na koemaha ieu teh apan lantera teh koedoe diongkosan koe Gewest. da Gewest teh narik opeenten meunang keur ongkos ongkos ti Goeperemen, tapi lantera (straatverlichting) teu dioeroes. Heran sareboe heran, tjing moegi Gewest masihan katerangan tina perkawis ieu!

Ari hajoh rek narikan padjeg bae mah sigana moal aja toengtoengna. Ajeuna narik padjeg lantera, isoek padjeg djalan toeloej padjeg pasar, toeloej padjeg tjai, prak engke padjeg hawa deui djeung satoeloejna moal aja toengtoengna. Ngeunah noe narik tapi noe ditarik beurat njoehoen beurat nanggoeng, koedoe majar roepa-roepa padjeg.

Ajeuna balik deui kana lantera di Tasikmalaja. Lantera diseungeutna ngan ari poek boelan bae tapi ari tjaang boelan mah kadjeun teuing poek sakoemaha poekna koe hoedjan oepamana lantera keukeuh tara diseungeut. Pohara soesahna keur djelema noe boga kaperloean ti peuting. Rea noe leumpang ti peuting di djalan titadjong atawa laboeh naradjang goendoekan keusik. lantaran poek.

Nja kitoe deui koe lantaran poek tea, djelema djahat oge, gampang pisan ngadjalankeun kadjahatanana Koe sabab eta ieu straatverlichting perloe djeung koedoe dioeroes koe Gewest sarta ongkosna koedoe njokot tina kas Gewest bae, oelah narik padjeg lantera deui, sabab padjeg biasa oge geus sakieu beuratna.

Taoen ieu keneh 1925 njoehoenkeun kalawan rewoe-rewoe kahormatan ka Gewest Priangan soepados lantera di Tasikmalaja dioeroes, diongkosan diseungeut oenggal peuting, boh tjaang boelan boh henteu. Tjindekna abdi-abdi di Tasikmalaja oepami kedah majar oeroeman lantera oenggal masih sareng lantera siga ajeuna ngaraos kirang adil bae margi di kota Gemeente oge noe langkoeng lanterana batan di Tasik, teu kedah majar padjeg lantera..

Meureun aja noe njebat „Meureun bae da di Bandoeng mah aja listrik" Na atoeh di Tasik lain geuwat diajaan listrik.

Tjatjakan oepama Gewest teu boga niat njieun pabrik listrik sorangan, meureun bareto-bareto keneh oge Aniem atawa maskape sedjen enggeus meureun ngadegkeun pabrik listrik di Tasik anoe sakieu gegekna rea djelemana. Gebeo bedjana teu toeloes rek njieun pabrik listrik di Tasik, lantaran Gewest teu panoedjoe kana perdjandjian-perdjandjianana Gebeo. Tjing atoeh leresna enggal atoeh Gewest ngadegkeun pabrik listrik da mo boeroeng teu pajoe. Ari teu Gewest enggal bikeun ka bangsa partikoelir. oelah Gewest henteu partikoelir henteu.

Tapi keun listrik mah soegan bisa engke laoen-laoen.

Ngan ajeuna mah tarikan bajaran ongkos lantera oenggal boelan leungitkeun straatverlichting ongkosan koe Gewest satjoekoepna.

T. S. M.

Vergadering di pandopo kaboepaten Tasikmalaja tanggal 18 Januari '25.

Geus aja sawatara waktoe di Tasik kokolebatan hidji angen-angeu noe maksoedna hajang meungkeut sakabeh pagoejoeban noe ditangtajoengan koe Kangdjeng Dalem. Malah mah geus deg saheulaanan diadegkeun, dipresidenan koe djrg. Demang Patih noe ngalih ka Bandoeng; vice-presidentna djrg. Wangsanagara, Djaksa Tasik, secretarisna djrg. Wirapoetra. [illegible] ngamangkeut teh dingaranan „Poeseur karoekoenan pagoejoeban" (P. K. P.).

Dina vergadering tanggal 18 tea, noe rek dioarempoegkeun teh: 1e. hal Statuten djeung huishoudelijk reglement P. K. P.; 2e tarekahna ngamadjoekeun pagoejoeban, 3e. milih bestuur (vacature lantaran djrg. Patih ngalih), 4e njaritakeun maksoedna, „Goena Perniagaan; 5e. djeung sedjen-sedjen

Samemeh Vergadering diboeka, djrg. vice Voorzitter nganoehoenkeun ka noe saroemping sarta teroes andjeunna ngadadarkeun tjita-tjita andjeunna tina hal meungkeutna sakabeh pagoejoeban noe pakait djeung Kdj. Dalem. Saoer andjeunna waktoe ieu ngan dihidjikeunana teh koe 3 perdjangdjian, sakoemaha noe geus ditjaritakeun koe Djrg. Wirapoetra dina Sipat. No. 30 njaeta:

1e Koedoe satia kana P. R. O.

2e Oelah wani wani ngalanggar larangan agama kitoe deui wet Nagara

3e. Oelah asoep deui kana perkoempoelan sedjen lamoen henteu aja paidin Bestuur.

Tapi ajeuna hajang poegoeh gekgekanana; nja taja lian kadjaba ti koedoe beh Statutenna aja huishoudelijk reglementna. Dina waktoe ieu bestuur tjau bisa njieun rarantjang lantaran teu atjan aja katerangan katerangan ti oenggal-oenggal pagoejoeban. Koe sabab eta sadajana bestuur pagoejoeban disoehoenkeun, soepaja enggal ngintoenkeun Statuten sareng huishoud. regl. [illegible]-saanoena. Toeloej andjeunna Voorstel, soepaja njieun Commissie noe baris njieun statuten djeung huish. regl. P. K. P.

Koering (als belangstellende) njoehoenkeun njarios. Ari kahajang koering tong aja P. K. P. deui tjoekoep Pro bae sarta noe sedjen-sedjenna djadi tjabangna tina Pro.: lantaran sangka koering noe rek dibeungkeut teh ngan pagoejoeban-pagoejoeban noe memang ngan ngagoegoeloeng economische politiek woengkoel Djrg. Kartawisastra, wakil Pro Soekasaekoer njotjogan kana maksoed koering. Noe matak Pro dirasa tjoekoep, lantaran ingetan koering satadina sakabeh tjabang bisa ngirimkeun hidji kapertjajaanana pikeun djadi lid raad van Toezicht (raad van Commissarissen), nja saroea djeung P. K. P., ngan sedjen sare'at.

Ari gorehel bet roepa-roepa pagoejoeban noe rek dibeungkeut teh, kajaning P. E. B, Soekalilah, Wargi Soekapoera, Goeroe ngadji, noe pakiakia tea djeung Pro. Djrg. Wiramihardja djrg. Soemintapoera djeung djrg. Patih ngeukeuhan kana ajana „Poeseur", djrg Wadana Manondjaja make ditambah koe hajang oelah djadi tjabangna Pro; koedoe aing-aingan: aing-aingan: soepaja oelah ngarentet hatena noe boga alpoekah njieun pakoempoelan. Djadi oenggal pakoempoelan boga rechtpersoonlijkheid sorangan. Ieu idee federatie ditjotjogan koe drg. Ahmad Atmadja.

Ari toenggtoengna punt ka 1, nja toeloes njieun Commissie keur statuten djeung huish. regl.

Noe kapilih:

Djr. Wiramihardja Wadana Manondjaja
„ Soemintapoera „ Kota.
„ Ahmad Atmadja
„ Wangsanagara Djaksa Tasik
„ Atmadinata

djeung djisim koering.

* *

Dina punt ka 2e. (njarioskeuna akal tarekah ngamadjoekeun pagoejoeban) djrg. Vice voorzitter pohara netekna roepa-roepa akal soepaja oelah nepi ka boga milik „hiroep teu neut paeh teu hos." Andjeunna njarioskeun Poeseur neutraal, hartina teu pipiloeun kana agama kitoe deui kana drigama (staatspolitiek).

Dina propaganda teu meunang ngadjalankeun kakerasan djeung oelah tinggal ti kasopanan. Pagoejoeban koedoe boga geusan sili koemaha, nja koedoe boga panglajang; teu tawekal sorangan, noeroet ka noe geus matjakal. Djelema-djelema noe aja soemawonna gede pangaroehna, noe kateeroet koe oerang koedoe dipoentangan. Djeung loba-loba deui.

Kdj. Dalem ngawoewoeh koe pangeling-ngeling: babakoena koedoe oelah borangan koe tjape, oelah sieun koe kahese, oelah bosenan. Oepama dibandingkeun djeung pagoejoeban bangsa sedjen noe oerang mah saroea djeung peuting dibandingkeun kana beurang. Koedoe djoedjoer, sing ingot kasaoeranana Moerdjangkoeng: en dispereert niet!

* *

Punt ka tiloe milih Voorzitter pondok pisan: Djrg. Patih anjar dipilih bij **acclamatie.**

* *

Dina lebah njaritakeun maksoedna Goena Perniagaan, koering teu koedoe pandjang-pandjang, lantaran gegedena sapatotos djeung Pro, ngan handjakal Pro teu loempat kana bankzaken: perkara-perkara noe di djalankeun koe roepa-roepa bank. Koe saliwat oge geus tetela Statuten Goena Perniagaan leuwih sampoerna batan noe Pro; (oentoeng ieu omeaneun keneh).

Oepama Statuten Pro noeroet sakoemaha Goena Perniagaan (oepama bae. Goena Perniagaan ganti ngaran djadi Pro), asa beres temen! doeit Hadiah bisa didjalankeun noe samistina.

* *

Dina rondvraag djrg. Kartawisastra njoehoenkeun soepaja dina doel (maksoed) aja tjita-tjita noeloeng noe miskin (armenzorg) djeung soepaja boedak bisa djadi lid, sina dialadjar njengtjelengan. Kitoe deui njoehoenkeun katerangan hal gedogan model ajeuna (weeftoestel). Saoer Kangdjeng Dalem weeftoestel keur dioeroeskeun.

Pepeling Kdj. Dalem. ka bestuur. bestuur soepaja noe djadi loeloegoe daek mere katerangan-katerangan ka elid-elid. Noe menta dibodjaan tina hal roepa-roepa bab pagoejoeban koedoe diladenan. Elid koedoe pertjaja ka bestuur, bestuur pon nja kitoe keneh.

Kira-kira satengah doea welas vergadering ditoetoep wakil-wakil noe daratang saperti waktoe koempoelan P. D. H.

Soet. Sen.

Walonan II.

Asmarandana.

Ngeunaheun noe toekang oelin,
kadjongdjonan toetoeloejan,
sili tepak sili towel,
abong enja djeung sasama,
maroek tjara manehna.
ngalantoeng soteh keur oesoem,
goemelar ngaraga soekma.

W. A.
Linggih raka.
B

Djadi akang mah, saenggeusna kahar ti teh, enggeus bae, kitoeh? Ngan tiap dioepah noehoen? Agoel koe papagon kolot, pedah boga basa „kabeh ge ngan tiap oelin-oelinan lain barang saenjana".

Lain soteh lamoen geus karasa noe enjana (enja no. I). datang noe anjar eta enja no. II; tah eta oelin. atawa „oelin oelinan" sabangsa djeung:

adil-adilan
rerempoegan.
bohogohan,
babawaan,
babandaan,
koekompoelan,
babatjaan,
tetembangan. dj. s. b.

Enja no. I, lamoen geus boekti di rasa ati. dibenteskeunana kalelemboetan. Ari enja no. II, (kamandjoeran pikir) bangsa kababadagan.

Tapi mangka waspada, karana aja soteh lalanden badag djeung lemboet, lamoen geus ngadeg deui Sang Lemboet (enja no, I. Ratoe Galoeh). Samemehna, (meureun kosong), anoe djadi oemangna teh „enja no. II" tea (kababadagan) (Ratoe Panjelang ngan djinisna, harita mah teu njahoeun, tjara koekoepoe, teu njaho keurna dja di hileud. Karasana ajeuna, tapi saliroe djeung bedja ti sisi ti gigir: nja BINGOENG, atawa samasakali teu roemasa, lantaran teu kaboedi koe soertina, teu ka oedag koe akalna.

Koemaha batoer? Tjenah? Batoer ge njakitoe, aja noe katepi aja noe henteu, teu pilih menak atawa koering.

Geus tangtoena koe pikir mah, samangsa 2 ngaran, meureun koedoe aja boekti 2. Ari ieu kapan geus APAL ti babeula, aja ngaran ABDI djeung GOESTI, DOENJA djeung AHERAT, PINTER BODO, dj. s. b. Anoe boekti (sarta djinisna roemasaeun, njaho, tjenah), kakara ABDI woengkoel, atawa DOENJA woengkoel; Goestina, atawa aheratna, doeka.

Dipaksa **hoekoem - doenia** dipake **nimbang aherat** (aherat tjitjiptan), KAABDIAN dipake **neangan** GOESTI; atoeh teu soeroed-soeroed kabingoeng, teu beak-beak kaheran, da teu make [illegible] roempak kapamalina.

Tapi maap, kitoe soteh sanes mapandekeun, da ieu mah toetoeran diri pribadi, tapakna noe katjarita, salalaran saliwatan:

INGGIS da ditoeang BISI,
REMPAN da ditoeang BEDJA.

Geura kieu bentesnamah; djinis ditoeang BISI, geus be boga „kaaringgis".

Bongan saha? Bongan lendjong tadina, koerang tegoeh dipantjoehna (iman).

Nja toeloejna „ditoeang BEDJA", geus be REMPAN." Bongan naon?

Bongan boga DENGE koerang OME, boga ATI koerang SOERTI, teu awas ka kila-kila balabar ti kahijangan; nadjan SOEWENG mata berlian, kapan aja paoetna; komo diwatangan koe emas hidjian karat.

Eukeur mah taja milik ti ditoena, toeroeg toeroeg KABOEROE datang pangomean ti „kabaratan". sagala noe koedoena beunang ditoendjoek koe tjoeroek ditingal koe sotja anoebiasa; oemoem djeung batoer, loembrah djeung sasama"; (koedoe tjenah kitoe teh, tjek kolot; samaroekna panitah ninggang sangkana).

Ditoejoeng koe kahadean pangadjak djaman: oelah milampah goreng, oerang anoe oerang anoe, soepaja anoe soepaja anoe. Nja petana rioeng moengpoeloeng, sabatoer batoer.

Ninggang dioesoemna, nja raong saoer manoek, teu [illegible]elajaan.

Engke, robahna atawa roentagna deui, koe poeteran djaman; alam kitoe, mandjoerna dina djaman kitoe, anoe tjotjog djeung hawana; tjara melak tangkal kina djeung kalapa, djadina moal saaloes, lamoen teu beda hawa. Njakitoe deui, goenta gantina hawa, aja noe mawatna kana morolokeun daoen, (ngarangrangan), aja anoe ngabidjilkeun kembang; aja anoe matab noempeskeun, tjara tjabe keur rek mangkat boeahan, kaoedag koe oesoem ngidjih.

Kawadjiban djoeroe tani ngan koedoe miara noe aja, djeung ihtiar bibit hade, geusan tambah kahasilan, mere maweh ka sasama saleuwihna.

Noe marentah, ngan karepna pribadi; oentoengna sabot keur oesoem, roentagna koe salah mangsa. Noe pertjit mah, taja oentoeng taja roegi, da tadi ge „sakadar oelin-oelinan" tea.

Pomi oelah sok salamina ngaraos bener sorangan!!

Hiroepna koempoelan koe hoeripna ati, „njorang panas, heug, panasna; njorang tiis, heug tirisna; teu geundjleuhan, gideugan; aja naon, manggih naon, koema behna.

Panate kolot boedjangga, njindiran koe papantoenan (Bale bandoeng):

Raboel ngidoel, njaroesoel noe kapitjatoer,
riab ngetan marapaj noe katjarita,
ka kalaler, neangan noe kapileuek,
roh ka koelon, ngadongdon noe kapiomong,
ana datang, kari ngaran.

Salamet raji

W. A.

Kahoeroean malem Minggoe di Tasik,

Malem Minggoe tagggal 24—'25 imahna hadji Emoer geus kahoeroe lantaran koerang ati ati neundeun tjempor. Seuneu mimiti kanjahoana na poekoel satengah satoe. Koe pertoeloengan poelisi djeung djelema rea imah noekahoeroe ngan doea kabeh bogana hadji Emoer. Noe hidji imahna disawakeun ka toekang sirop. Bodjona dina poë Djoemaah tas ngadjoeroe oentoeng taja djelema noe tjilaka.

Kompa datangna lat. Lain salah noe ngadjalankeun roepana ngan kompana kompa kabaheulaan teuing djeung geus rada roeksak sigana. Tjing moen di Tasik diajaan kompa motor hidji mah, soegan ari aja kahoeroean teh bisa katoeloengan.

—o—

Menerkeun.

Dina Sip. no. 29 dina karangan opcenten taoen 1925 tjontona f 1,5 koe rang bener, lantaran padjeg noe koerang tina f 11,40 teu dikeunaan koe opcenten. Djadi oepama padjegna f 11,40 atawa leuwih kakara ditambahan opcenten keur nagara djeung Ge west.

—o—

Pangwaler.

Dina Sipatahoenan no. 30 aja karangan noe djoedoelna „Basa Soenda" kenging djr. Engkawidjaja, di dinja andjeunna mariksa: „Koemaha pamak sadan djoeragan-djoeragan ti Poerwa karta di mana parantos kenging njalin?" Djawab simkoering: „Soepados mingkoeng terang, sae aos deui bae koe djoeragan, karangan simkoering anoe djoedoelna „Saraja" tina Sipatahoenan no. 26".

Salam baktos.

A. C. D.

Mutaties.

Dibenoemd djadi Plvv. Landrechter di Soerabaja Mr. M. Koesnoen Tjitrowardhojo Ambtenaar ter beschikking Raad van Justitie di eta tempat

Dilepas sareng hormat R. Tirta koesoemah A. W. Tjikalong district Tjikatomas Regentschap Takikmalaja.

Liren Pangsioen Wadana dilebet Res Kedoe M. Tjokrosandjojo.

Idem M. Mangoen Moeliohardjo le bet Res. Soerabaja.

Benoem gentosna noe di loehoer K. Ng. Ardiprodjo tadina A. W. Djom bang idem R. Poerbokoesoemo tadina A. W. di Doekoeh Regentschap Lamongan.

Benoemd Voorzitter Landraad Krak saan R. Moh. Hamid tadina Onder Voorzitter Landraad di Betawi.

R. Prawiradi Nata Hoofddjaksa Pontianak ngalih ka Batawi Soekoer!

—o—

Roepa - roepa kabar.

Letah djadi moesoehna beuheung, tjek K. M.

Letah didieu maksoedna omongan, saha noe teu njangka jen omongan-omongan anoe teu pernah mah, bakal djadi moesoeh oerang sorangan. Oerang diteunggeul, ditampiling diboeboerak eta antarana tina omongan omongan, lebah dieu tetela djadi moesoeh terkadang aja noe megatkeun beuheung. Boektina anoe ngaboeroeloe omongan karosong, matak ngosongkeun eusi peudjit, teu tjara noe getem bari prak digawe, bisa minoehan beuteung, maluh leuit deui kapi noehan, sesa hakan.

—o—

Hate noe teu reudjeung kakawatiran (kahariwang) leuwih aloes tibatan doeit sapesak. Geura pahaman, lamoen oerang rek kaditoe kadieu, tapi pikiran rea hariwang sagala risi sieun bae, tangtoe teu matak ngeunah. Komo lamoen ditambah kantong kosong mah geus maloeloe . . . . . .

Nadjan kantong kosong tapi kamana-mana logor, teu aja karisi kasalempang tangtoe dina seuri oge geus ngeunah, tjindekna leuwih hargaan tibatan doeit.

—o—

Steuncomite.

Wonosobo di Tasikmalaja.

Artos anoe parantos ditampi aja	f 401,24⁵
Lijst Djr. A. W. kota Tasikmalaja	f 9,55
Lijst Djr. A. W. Indihijang	f 65,65
„ „ „ „ Leuwisari	f 7,50
Personeel Drukk. Galoenggoeng Tasikmalaja	f 10.80
Djoemblah.	f 494.74⁵

KABAR.

Tina soerat kabar Waanda.

Di loear kota Djedah peperangan masih teroes keneh bae Balad-balad Saud ngarampasan djeung ngaboerak barik patempatan moesoehna noe djaoehna 10 mijl ti Djedah Ka kotana tjan waranieun nempoeh.

Dina waktoe ieu di Djedah masih aja 100 oerang djamaah deui (Ned. Indie), anoe meunang pertoeloengan tedaeun ti gongsol.

—o—

Kaom fascisten geus maehan deui bae. Ajeuna noe dipergasa di Bologna (Itali) hidji socialist, lantaran keukeuh emboeng kaloear tina koempoelanana (socialistische vakvereeniging).

—o—

Di djalan ka Bakasih kapanggih majitna hidji oerang priboemi. Koesangkaan maotna lantaran kaoepan mobil. Majit dibawa ka Stovia. Keur diteangan katerangan.

—o—

Bedjana 2 taoen katoekang aja noe dihoekoem beurat pohara, lantaran disangka maehan, di Djawa tengah Naha ari dina waktoe-waktoe ieu ngan djol bae noe disangka dipaehanana teh datang ti Deli tas koeli, djagdjag waringkas teu sakara-kara.

Hakim, landraad, djalma sarerea olohok.

—o—

Lantaran madjoena kontrakan-kontrakan diantara Lahat djeung Tebingtinggi baris diajaan djalan karèta.

—o—

Toean Resident Djogja djadi voorzitter hidji Comite, noe maksoedna rek ngoempoelkeun doeit, pikeun mere hidji Operatie-kamer koemplit sama sakali ka roemah sakit Petronella, dina waktoe djedjeg ngadegna 25 taoen.

—o—

Di Bandoeng geus kadjadian rada riboet meueusan kaom koeminis. Soetandjenain, hidji leider ieu kaom dirawat koe poelisi Bandoeng.

—o—

Indo-Europeesche school vereeniging hajang diganti djadi I. E. V. instituut. Ari maksoedna, hajang meunang djalan, soepaja aja kweekschool noe ngawoengkoel pikeun Indo.

—o—

Karesidenan Batawi meunang subsidie ti Pamarentah, doeit reana 100 reboe roepia pikeun njieun 6 sasak, di djalan Tjilamaja Tjiasem ka Pamanoekan.

—o—

Pamarentahan Afrika kidoel njieun rarantjang wet anjar, timbangan Parlement, noe maksoedna rek ngalarang pamogokan-pamogokan, noe ngahalangan kana kaperloean oemoem.

—o—

Khalifaats-congres di Cairo, noeroetkeun poetoesanana Sech Al Islam, voorzitter, Al Azhar djeung para oelama noe sedjen, dina taoen ieu boelan Maart teh teu toeloes, lantaran noe ngarekel agama Islam na waktoe ieu, amo sarerea bisa ngirimkeun oetoesan ka ieu Congres, oepamana bae: Hedjaz djeung Egijpte.

—o—

Djoeragan - djoeragan Soerjopranoto djeung Fahroedin teu toeloes didjadikeunana oetoesan kana Congres Al-Islam di Cairo

Lantaran djoer. Soerjo koerang ngartina basa Inggris djeung loepoet pisan kana Arab, ari djoer. Fahroedin rada tiasa Arab, loepoet Inggris, djadi oepama teroes teh ngan woengkoel rea kaloear bae ongkos, ari anoe dimaksoed teu kaoedag.

—o—

Koe lantaran disangka rek njieun propaganda gerakan Ghandi, opat oerang Britsch-Indië dilarang asoep ka Sumatra wetan koe imiungratie-Commisie.

Maranehanana ngabogaan gambar-gambar pikeun njieun propaganda.

—o—

Di Korea (bawahan Japan) geus rada-lila kadatangan patjeklik.

Beuki lila beuki pohara, noe kalaparan djeung koerang teda, koerang leuwih aja 3 malioen djalma katambah-tambah dibeungheuratan oesoem tiris deui, noe geus sakitoe repotna. Pertoeloengan Pamarentah koerang.

—o—

Poerstelan - poerstelan salaris-Commissie geus disanggakeun ka Pamarentah, pikeun embarkeuneun. Sawatara bagian baris dikirimkeun ka nagri, sabab koedoe meunang poetoesan Radja.

—o—

Toean Mr. A. Neijtzel de Wilde geus dibenoem djadi Voorzitter Volksraad [illegible] noe liren bade ka nagri.

—o—

Bawahan Ardahan (Toerki) roeksak koe lini. Noe maot ± 200 djalma. Sasesana noe salamet riboet ninggalkeun imah, mondoh moëk di loear.

—o—

Kapilih djadi president Hof van Arbitrage Pangadilan pikeun moetoes atawa ngarapihkeun nagara-nagara noe baroga padoekeuneun, soepaja oelah nepi ka perangna, di den Haag professor Max Huger oerang Zwitserland.

—o—

Noeroetkeun telegram ti den Haag perdjalanan kapal djeung Vliegmachine teu bisa teroes lantaran poëk koe halimoen (16 Januari).

—o—

Sainditna ti Singapoer kapal „Hong Hwa" dikoeroeboet koe badjo laoet bangsa Tjina.

Babakoena noe dirarampas barangna bangsa Tjina Aja sareboe oerang. Oerang Inggris noe taroempak ieu kapal teu dipirosea.

Reana badjo tiloe poeloeh oerang, naekna di Singapoer.

—o—

Toean A. D. H. Heringa, agent Nederlandsch - Indische Handelsbank dibenoem lid Gewestelijke raad Priangan, ngaganti toean K. E. Schutt.

—o—

Sakolaan - sakolaan Taman Siswo geus nambahan nja eta di Wates, Batoe djeung Malang.

—o—

Atoeran gadjih di Hindia, geus ditangtoekeun koe poetoesan Pamarentah tanggal 14 Januari.

Ieu atoeran geus diasoepkeun kana Javasche Courant tanggal 16 boelan Januari.

—o—

Kabar Pasar.

Soerabaja 27 Januari 1925.

Goela pasir sapikoel	f 13 1/2
Kopra Djawa „	f 19,—
Kopi „	f 73,—

Batawi 27 Januari 1925

Beas Krawang sapikoel	f 10,05
Minjak kalapa Tjiamis sa blek	f 9 85

—o—

Mareuman lampoe.

Dina koempoelan gede kira-kira 1000 djelema di sakola rajat di Bandoeng, doeloer Soeprodjo njarita tarik teuing datangka koe poelisi disetop dianggap openlucht da kadenge kamana mana noe di laloear.

Eta panjetopan teu digoegoe, kabeneran harita lampoe anoe katjida tja angna ajeuna ngaleutikan ngaleatikan datangka lila li a mah koedoe pareum Politie gantjang ngaboebarkeun koe leugeun koerang matibna toeloej koe karet sawareh koe pakarang kakara boebar, bilik roeksak. Noe ngalawan aja opatan dibawa ka poelisi kantoor noe raraheut ditoeloeng koe apotheek Rathkamp. Ka boemina Dr. Tjipto oge aja noe neda toeloeng lantaran raheut.

TOKO BOEKOE

M. I. PRAWIRA - WINATA

GROOTE-LENGKONGWEG 1. BANDOENG.

Boekoe-boekoe noe nembe kaloear:

GELOENG BANDOENG

Njarioskeun taladjakna salasawios istri di Bandoeng anoe matak keget.
Pangaosna f 0,25 Pangaos franco di Post f 0,35

BALE BANDOENG.

Njarioskeun silih soeratanana Djoeragan H. H. Moestapa, Hoop Panghoeloe Bandoeng pangsioen sareng Kiai Koerdi Goeroe pasantren Soekawangi, tina perkawis ngaben djadjaten wewesen (ngadoe elmoe). Namoeng atos-atos maosna, reh ieu boekoe teh teu kinten matak lieurna,
Pangaos f 0,50 Pangaos franco di Post f 0,60

Boekoe-boekoe noe sanes:

Tjarita boedak jatim	f 0,60	Oesoel-asalna perempoean (Malajoe)	f 2,50
Tjarita doeloer lima	f 0,84	Doea belas kali beristeri (Malajoe)	f 1,75
Nji Sarangkana	f 0,70	Indische sprookjes en Vertellingen (Walanda)	f 0,85
Tjarita Kapitan Bentekoe . .	f 0,30		

Awas! Adres Awas!

„Toko Soenda" Proewita Trisna

HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W./L.

Nembe nampi kintoenan ti Europa.
Djas hoedjan karet soetra model Prins van Oranje poelas kopi nganggo ban á f 35,—
„ „ „ „ „ Prins of wals poelas aboe-aboe zonder ban á f 30.—
„ „ „ Water proof, poelas telor asin nganggo kerepoes á f 22,50
„ „ „ „ „ sawo mateng zonder „ á f 20,—
„ „ „ „ warna-warna poelas, roepi-roepi oekoeran á f 15,— t/m f 17,50
Roepi-roepi rantai horlodji perak bakar diadoe manis soewasa.
Sadaja pangaos ditanggel langkoeng miraa.
Barangna modern netjis-netjis.
Bilih seepeun soemangga para djoeragan enggal ngadamel serat pesen, saladjengna barang-barang pesenan dikintoen rembours.

Tingalian boekoe' di Toko Pasoendan Tasikmalaja.

SINSHE TAN KOO HWIE

ti SHANGHAIJ

Ngahidji sareng Toekang gigi Sik Djoen Kwan.

Kawentar Tabib toeroenan TJOW TWAN, mang taoen-taoen matoeh di Sang Hai nanging koemargi timboel bahaja perang tea, kapaksa sim koering njingkah, nja ka dieu.

Roa serat poedjian sareng anoe njarebatkeun jen djadi kaoentoengan ageung pisan ka oerang dieu, lantaran aja sim koering, tingali kasjaan landong sareng petana ngalandongan.

Moeng handjakal saeutik reh sim koering di dieu meh teu pati tiasa leres leres kana Malajoe, kedah basa Tjing Im bae, noemawi ngahadja moegi-moegi koe lantaran ieu Serat kabar tiasa njebar aroeningana kana ajana toko Sim koering.

Tiasa ngalandongan: kolera, batoek gangsa, panjakit koening, Radjasinga, tjindekna anoe hangga - hangga mangga sim koering heula tjobian, raoskeun. Ngalandongan moerangkalih, anoe selesma, lebet angin, moeriang, panas tiris sareng roa² deui.

Pembajaran nimbang - nimbang kana kamampoehan, anoe teu kiat mah vrij.

Anoe bade djangdji dilandongan doegi ka saena (Pauw Ie) sae badanten bae.

Nampi tamoe: taboeh 8 1/2 doegi ka 11
taboeh 3 1/2 doegi ka 6 sonten.

IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.

Koe K. M.

Samboengan Sp. no. 31.

(Diwagel dipetik).

II. Pamikat.

Ari noe djadi boedak mah koemaha kolot, ieu deui alah pira si Djoeminem, hajang noe koemaha, hajang ka pangkat? Eh, nista; moal hamo ngalakon. Djaman ajeuna mah doeit noe di arah djeung deui moenggoeh di lalaki mah ibarat doeit tambaga, nadjan bengo boedeg koeleuheu oge lakoe bae, teu tjara awewe nja eta ibaratna doeit perak, koerang sora sa eutik soemawonna petot geus moal pajoe bae.

Ajeuna si Endjoem rek diarah koe noe soegih, beu oerang teh koedoe njeboet alhamdoelilah nage sababaraha rewoe kali, soegan bae anoe di oe roes koe oerang djadi milikna. Madkaja teh lain bantrak bantrakeun djelema, miara poeloehan panjawah, ratoesan baoe sawah, imah gedong gale de djeung hamo lila deui oemoerna, meureun ka pamadjikan toeroenna da teu boga anak.

Pa Djoeminem teu bisa ngomong sakemek, ngan golehe bae tengah imah taksiran tjape oeroet sapoë djepoet di sawah.

Koemaha Nji Djoeminem? Ajeuna mah geus tetela lain bedja ti noe sedjen deui jen enja manehna teh koedoe kawin ka Madkaja teh, atoeh beuki teu matak ngareunah bae kana hatena salilana ngadenge omongan mani asa disoendoetan bae djadjantoengna, raga rasana ditjatjag, sapeu ting meh teu bisa sare.

Koemaha hate embina: Wah anak aing lain, daek teu daek paksa da moal ngapak kamana, soegan bae pajoe f 50.— meureun laksana Paris djeung saroeng Djonas, rek koemaha deui.

Kotjap isoekna di imah bapa Endjoem beres leuwih ti biasa saniskara di entep-entepkeun, patjoel woeloekoe anoe tadina sok ditepas ajeuna mah diakoetan ka kolong, anoe tadina tara ngambeu samak ajeuna mah disamakan beunang ngahadja oendjam indjeum. Di tengah imah geus ngabagoeg soemboel sangoe nindih tetenong anoe pinoeh koe eusi, piring tjangkir geus ngabarak kari ngakoetan.

Noe boga imah geus tjiling-tjingtjat kawas hajam keur endogan meueusmeueus nempo ka djalan, ngadenge petjoet ti kadjaoehan keneh geus deregdeg ka djalan, da tangtoe kana ka har atawa bendi soempingna djoeragan teh, tjek bodjo Pa Endjoem.

Taksiran moeroe kareta noe poekoel sapoeloeh dioerang da wajah kiwari tjan tembong.

Teu lila geredeg aja kahar sarta eureun lebah imahna, atoeh mani ratoeg embina, moeroe-moeroe ka djalan: Tah geuning, djoeragan soemping, ieuh manehna geuwat papagkeun!"

Pirang-pirang boengkoesan keretas diringkid tina kahar koe Pa Endjoem ngiringkeun doenoengana anoe ngadjingdjing tas koelit anoe roepana geus katjida koenana, semoe beurat eusina.

(Aja samboenganana).

Ari maos koran kedah diaos advertentiena!!